ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№88 (22.746) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 13, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гуфіэгъуэ махуэ

ТекІуэныгъэ Иныр ягъэлъапІэ

МафІэ мыужьыхым деж

ТекІуэныгъэм и махуэшхуэр ди къэралым Іэтауэ щагъэлъэпІащ, а ильэс лыгъэхэр къыхэзынэкІа, мамырыгъэр кьытхуэзыдэуа ветеранхэм пщІэ, гулъытэ хуащІащ. А псоми я гур дыхэхъуэу, я дэрэжэгъуэр нэхъри иІэтауэ ветеранхэр хэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми щагъэлъэпІащ тхыдэм хыхьа махуэшхуэр. Республикэм и щыхьэр Налшык - ЗауэлІ щІыхьым и къалэм - щызэхэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм ит МафІэ мыужьыхым деж щыщІидзащ.

Псэм едэхащІэ пщэдджыжь дыгъэпсыр гум екуэбыІэрт. «ЩІыхьым и мафІэ мыужьыхь» мемориалым и деж щызэхуэсат къалэдэсхэмрэ Налшык и хьэщІэхэмрэ, Хэку зауэшхуэм Іыхьужьыгъэ къагъэлъагъуэу хэтахэм я къуэрылъху-пхъурылъхуэр, абыхэм къатепщІыкІыжа щІэблэр.

ТекІуэныгъэм и махуэшхуэр щагъэлъапІэм къэралым и къалэ куэдым щекІуэкІащ «МылІэжьи полк» Іуэхугъуэр. Ар иджы япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхаублащ. Фэеплъ мыужьыхым деж щеуэвэкІа школакІуэхэм яІыгът я адэшхуэхэм, абыхэм я адэжсэм, Хэку зауэшхуэм и сэлэтхэм я сурэтхэр. АбыкІэ къагъэлъагъуэ мамырыгъэм, хуитныигъэм, къэкІуэнум папщІэ зи псэр зауэ лыгъэм щызытахэм зэрахьа лЫыгъэм зэрыригушхуэр, я фэеплъым пщІэ зэрыхуащІыр, ахэр зэращымыгъупщэр.

Хэкур яхъумэу зи гъащІэр зытахэм я фэеплъым я щхьэр хуагъэщхьын папщІэ ветеранхэм ящІыгъуу «ЩІыхьым и мафІэ мыужьых» мемориалым деж щызэхуэсахэм къахьыхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий, Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унафэщ-Іхэу Чеченов Ануаррэ Храмов Константинрэ зи пашэ республикэ унафэщІхэр, къулыкъущІэхэр, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫыкІуэхэр.

Зауэм, лэжьыгъэм, къэрал кІуэцІыдзэхэмрэ хабзэхъумэ ІэнатІэхэмрэ я ветеранхэм, пенсионерхэм я Налшык къалэ советым и унафэщІ Абдуллаев Мустэфа къызэхуэса псоми ТекІуэныгъэм и махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ. Абы къыхигъэщащ мамырыгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэІуэзэпэщыгъэм, зыужьыныгъэм, ефІэфІэ мыужьыхым деж щыщІидзащ.

Суфэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

кІуэныгъэм я лъабжьэу зэрыщытыр.

Ящэу фэеплъым бгъэдыхьащ икІи удз гъэгъа Іэрамэкіэ зэщІэбла матэр бгъэдагъэуващ КІуэкІуэ Юрийрэ Чеченов Ануаррэ. Абыхэм я щапхъэм ирикІуащ адрей унафэщІхэр, ветеранхэр, ныбжьыщІэхэр.

ЗэгурыІуэныгъэм и утым

ЩІыхьым и мафІэ мыужьыхым удз гъэгъахэр тезылъхьа республикэ унафэщІхэмрэ ветеранхэмрэ, кьалэдэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ хуэмурэ ЗэгурыІуэныгъэм и утымкІэ ящІащІ. Правительствэм и Унэм и гупэм деж щагъэува, жьауапІэу щытын папщІэ щхьэ зытралъхьа тЫысыпІэхэм ветеранхэр ирагъэблэгъащ. Абыхэм республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий, Правительствэмрэ Парламентымрэ я унафэщІхэр, нэгъуэщІ къулыкъущІхэр, дин, жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лЫыкІуэхэри яхэтІысхащ. Кьызэхуэсахэм я гукъыдэжыр яІэту, сабий къэфакІуэ гупхэм хэт ныбжьыщІэ цЫкІухэм утым щитІысыкІа ветеранхэм удз гъэгъахэр ІэщІалъхьащ.

ТекІуэныгъэм и ныпым тращІыкІа бэракъыр утыкум кърахьэри, махуэшхуэ Іуэхугъуэхэр къызэІуахащ. ПсэлъапІэм ирагъэблэгъа КІуэкІуэ Юрий къызэхуэсахэм ТекІуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ.

- ПщІэ зыхуэтщІ и Хэку зауэшхуэм и ветеранхэ, ныбжьэгъу лъапІэхэ! Дунейм и тхыдэм хэтщ, зэман дэкІами, щІэблэм ящымыгъупщэ, зи мыхьэнэр мыкІуэду жылагъуэ зыужьыныгъэм и лъабжьэхэр убзыхуным кьыпызыщэ Іуэхугъуэхэр. Абыхэм кьыгуэх имыІэу япхьэлІэ хъунущ блэкІа лЭщІигъуэм и 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэр. ИкІи гутъу дыдэ дыдехьу къэтхьа а ехъуЛэныгъэ иныр тхыдэм нэхъ куууэ хьхьэхукІэ, зихуэдэ щымыІа ди ТекІуэныгъэм и мыхьэнэр цІыхухэм нэхъри зыхащІэ. Урысейхэм, абыхэм къащІэхъуэну щІэблэхэм я дежкІэ ар тхыдэ Іуэху къудейкым, атІэ икІи псэкупсэ щытыкІэщ.

ТекІуэныгъэр нэхъыщхьэу къытхуэзыхьар ди къэралым и лъэпкъ псори зэрызэкъуэтарщ, зэрызэкъуэуварщ, абыхэм лЫгъэ зэрахэлъарщ, езыхэм я Іуэхум и пэжагъыр ныбжьыу ящхыкІауэ зэрыщытарщ. ИкІи Хэку зауэшхуэм къыхэтха а дерсыр зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Къуажэхэм дэт медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я щытыкІэм арэзы къищІакъым

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий къыззхикІуахьащ Бахьсэн районым щыщ Ислъэмей, Хьэтіохъущокъуей, Зеикъуэ, Жанхъуэтекъуэ къуажэхэм дэт медицинэ Іуэхущ1апІэхэр.

А ПСОРИ Зеикъуэ дэт район сымаджэщым хеубыдэ икІи цІыху мин 30-м нэблагъэм я узыншагъэм щыкІэлъэпльэ. Ауэ а Іуэхущ1апІэхэм я нэхъыбэм я щытыкІэм арэзы укъищІыркъым. Ислъэмей къуажэм щыІэ амбулаторэмрэ медицинэ дэІэпыкъуэныгъэ псынщІэмкІэ станцымрэ зыщІэс унэр 1937 гъэм ящІауэ щытащ. Абы и пэщхэр, кабинетхэр санитар мардэхэм зыкІи кьезэгъыркъым. Автотранспортри яхуркьуркъым. ЦІыху мин 12 щыпсэу къуажэм дэІэпыкъуэгъу псынщІэу къыщагъэсэбэн автомашинэр жьы хьуащ.

Илъэси 10 ящэкІэ мыбы амбулаторэм и унэ къыщрагъэжьэн хуеящ. Ауэ ар щащІыну щІыпІэр къратІыкІри, абы фІагъэкІакъым. Районымрэ сымаджэщымрэ я унафэщІхэм къыхэзрахьэмкІэ, а унэр къагъажьэу яхуэщІынукъым, ауэ зэгуэр колхоз правленэу щытар унэ хъарзынэщи, ар зыхуей хуэгъэзамэ, медицинэ Іуэхущ1апІэхэр къыщызэІуахынкІэ кьезэгъынут.

КІуэкІуэ Юрий а унэм епльа нэужь, зыхуэфащэ къулыкъущІэхэм яхуигъэуващ зы тхьэмахуэм кьриубыдэу лэжьыпхъэхэр яубыхунУ, унэмрэ абы кьедза щІымрэ зыхуэфащэ Іуэхущ1апІэм, щыІэ хабзэхэм тетУ, ирагъэбыдылІэну, уху3ныгъэр зэрырагъэкІуэкІыну проектсметэ документацэр ягъэхьэзырыну.

ХьэтІохъущокъуей къуажэм дэт сымаджэщри блэкІа лЭщІыгъуэм и 30 гъэхэм ящІауэ щытащ. Абы и блынхэр кьолъалъэ, хуэфащэн унэльащІэ щІэткъым. Пэжщ, сымаджэхэм зэрыжаІамкІэ, мазитІ хуэдиз льандэрэ ахэр хущхьуэхэм щагъэнщІэжыркъым. Стационарым щІэлъ щІыхубзхэм ящыщ зым зэрыжиІамкІэ, сымаджэхэм я ахъшэкІэ хущхьуэгъуэхэм ящыщу зыри кьрагъэщэхуэжыркъым.

Зеикъуэ район сымаджэщым и поликлиникэ кьудамэхэм я Іуэхур нэхъыфІщ. Абыхэм махуэ кьэс щІыху 250-м Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыхуащІэ. Сымаджэщым щылажьхэм я нэхъыбэр «Къуажэ дохутыр» программэм ипкъ иткІэ кьыхаха Іэщ1агъэлІ щІалэхэрщ. Ауэ мы Іуэхущ1апІэми икІэщІыпІэкІэ дэгъэкІыпхъэ ныкъуэныгъэхэр щыІэщ. Абыхэм ящыщу щІыхухэм я лэжьапщІэр иджыри зэрымащІэр, медицинэ Іэмэпсымэхэр зэрахуримыкъур.

Жанхъуэтекъуэ къуажэм дэт амбулаторэр хъарзынэу зэрахъэу жыпІэ хъунущ. Абы УЗИ, УВЧ, электрофорез кабинетхэр иІэщ. Апхуэдэу стоматологиемкІэ Іэнатіэри мэлажьэ, ауэ абы къыщагъэсэбэн Іэмэпсымэхэр иджырей зэманым зыкІи кьезэгъыжыркъым.

Зэпльа Іуэхущ1апІэхэм щыІэ ныкъуэныгъэ псори гъэзэкІуэжьныкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр ялэжьыну КъБР-м и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ я пщэ ирилъхьащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кІуэдзэ Марьяш Иринэ, узынщагъэр хьуэныкІэ министр Шэт Ирмэ сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Гуэгухэр

ФІагъым папщІэ шэсыпІэ йоувэ

ФИГУ къэдгъэкІыжьинщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий Бахьсэн районым хьихьэ Къулъкъужьи Ищхъэрэ кІуажэм гуфІэгъуэ щытыкІэм иту иджьыблагъэ автомобиль лъэмыжьщІэ кІэщІыдзэІуихаху щытащ. Абы щыгъуэ а жьлэм нэгъуэщІ лэжьыГэшхуи щекІуэкІыРт - гъэзгу нэхъыщхьэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжырт, асфальт тралъхьэрт. Иджы ар и кІэм нагъэсри, ТекІуэныгъэм и махуэ лъапІэм ирихьэлІэу КъулъкъУжьи кьуажитІым щыпсэухэм тыгъэ гъуэзэджэ хуащІащ. ИлъэскІуам зыщІадза лэжьыгъэр мы гъэм фокІадэм и 30-я яухыну трауэат, ауэ КІуэкІуэ Юрий и чэнджэщкІэ Іуэхур щІагъэхуабжьэри, километр 18,5-р гугъэзагъэу зыхуэИ хуагъэзащ. «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэзгуи къыхокІри, абы кьуажитІыр екІуу зэпещІэ. Лэжьыгъэр щрагъэкІуэкІым ухуэныгъэ Іэрыщ1у 18, гъэзгубгъу кІэнауэхэр, уэшхыпс зэхуэхьэсыпІэхэр, щІэжьпІэхэр зэрагъэпэщыжащ, транспортым и хуабжьагъэр зэтезыІыгъэ лъэпэщхьэпхэр зэщІхьащ, зэпрыкІыпІэхэр ягъэбелджылащ. КІыфІым кьыхэнэхуІ пкъыгъуэ зэрыІыгърэ дамыгъэу 300-м щІигъу гъэзгум и кІыхьагъкІэ щагъэуващ, зэхэкІыпІэхэр, зэблэкІыпІэхэр, дэдзыхьпІэхэр кьыхагъэщхьэхукІащ. Кьыщеэзгъ щІыпІэхэм лъэс зекІуапІэхэр щахуащ, автобус гъэувыпІэхэр, зауэм хэкІудахэм я фэеплъым и утыр, мэжджыт бжэлупэр ирагъэфІэкІуащ, школ пщІантІэм асфальт тралъхьащ.

Гуфіэгъуэм теухуа зэІущІэм жылитІми я лЫкІуэхэр хэтащ. Ар къызэІуихащ Бахьсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн.

- ПщІэ зыхуэтщІ ди нэхъыжьыфІхэ, къуажэдэс лъапІэхэ! Нобэ Іуэху дахэкІэ дызэхыхьащ. Дэ зыхэзыдох апхуэдиз зэманкІэ дызыпэплъа ухуэныгъэщІэр, жылагъуитІым я гъэзгу нэхъыщхьэр. АбыкІэ фІыщІэшхуэ яБгъэдэлъщ гугъу зезыгъэхьа гъэзгуухуэхэм, мазэ зыбжанэм кьриубыдэу сом мелуан 90-рэ мин 700-рэ и уасэ лэжьыгъэ зэфІэзыгъэкІахэм. ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм зэрырихьэлІар нэщэнэфщи, Тхьэм псоми фІы къытхудигъакІуэ, тынШу, бэУтІэІуншэу фыщызэрригъакІуэ, - зэхуэгъэзащ абы къулъкъужьиндэсхэм икІи гуфІэгъуэм кьрихьэлІа, республикэм и ямэ вице-премьер Уянаев Казым псалъэ иритащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий мэлыжьыхь кІуам и 14-м фи деж къыщызэІуиха лъэмыжьым хуэдэу нобэрей махуэрэ фи тхыдэм Іуэху дахэу хьихьэнущ. ГуэгущІэм пыщІа лэжьыгъэ псори - Бахьсэн ДРСУ»-мрэ «Стройресурс» ООО-мрэ ирагъэкІуэкІащ. Фи дежкІэ абы иІэ мыхьэнэр фІыуэ къыдгурОІуэ. Иджы ухуэныгъэр зэфІэкІащи, илъэс куэдкІэ фыпэплъами, гупсэхугъуэ зэрырегъуэтыжьымэ шэч хэлъкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и цІэкІэ, сэ къызбгъэдэкІуу фи гуфІэгъуэмкІэ сынывохьуэхьу, гъуэгущІэм зыдовуэзащІыну ди гуапэщ, - кьыжитъащащ Уянаев Казым.

Данэ лентІ плъыжьыр зэпаупщІыи и пэ кьихуэу, зэхуэсахэм хьуэхъукІэ зыхуагъэзащ транспортымрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Къудей Арсен, хэгъэрейхэм ящыщ пенсионер Щауей Суфэдин, КъБР-м и Парламентым и депутат Темукуев Абдулхьэшым, Къулъкъужьи Ипщ, Къулъкъужьи Ищхъэрэ кІуажэхэм я щыпІэ администрацхэм я лЫкІуэхэу АфІэунэ Хьэжмухьэмэд, Пщыжьэщ Руслан сымэ. ИужькІэ Уянаев Казымрэ Къудей Арсенрэ лэжьыгъэм кьыхэжаныкІа гъэзгуухуэхэм фІыщІэ тхылъхэр, ахьшэ саугъэтхэр иратащ, къулъкъужьиндэсхэм я Іэгуауэм щІэту къызэІуахри, гъэзгущІэм ирикІуащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Транспортымрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ министерствэм и нэІэ тету мы ухуэныгъэр зэрырагъэкІуэкІар. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр республикэм и щІыпІэ зыбжанэм нобэ щэщІауэ щызэфІагъэкІ. Къапщтэмэ, Налшык, Май кьалэхэр зэпызыщІэ гъэзгуу километр 21-р мы гъэм ятынущ. Прохладнэ - Новэ-Покровскэ - Прималкинскэ, Дзэлыкъуэкъуажэ - Зольскэ - Белокаменскэ автомобиль гъэзгуэхэр зэрагъэпэщыж, ухуэныгъэ Іэрыщ1эхэр зыхуейхуагъэзэ. Мыгъэрей я программэм хьихьэу нэгъуэщІ лэжьыгъэхэри ирагъэкІуэкІ.

- Къулъкъужьи Ипщэ, Къулъкъужьи Ищхъэрэ кІуажэхэм кьыщызэІутха гъэзгущІэм фІагъ лъагэ иІэщ - и лъабжьэр ильэси 8-кІэ, и щхьэфэр зэрагъэбыда асфальт-бетон зэхэлъэр ильэси 4-кІэ къэхъеинукъым. АбыкІэ шэсыпІэ паспортхэр подрядчикхэм щыБатыжащ, - кьыхигъэщащ республикэм транспортымрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ и министрым и кІуэдзэ Харченкэ Юрий.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Президентым и ЛЫкІуэхэр зэрехъуэкІ

УФ-м и Президент Путин Владимир зэрихъуэкІащ езым и ЛЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ, Сыбыр федеральнэ щІыналъэхэм щыІэхэр.

А къулыкъухэм игъэувахэу Меликов Сергейрэ Рогожкин Николайрэ къарал Іэтащхьэм и унафэкІэ хагъэхьащ УФ-м ШынагъэщагъэмкІэ и советым.

Апхуэдэуи Путиным Іэ щІидзащ Липецкэ областым и губернатор Королёв Олег и къулыкъум текІыну хуейІуэ кьита лъэІу тхылъым. Апхуэдэ лъэбакъуэ щІичам и щхьэусыгъуэу Королёвым кьигъэльэгъуар фокІадэм а щІыналъэм щекІуэкІыну хэхьыныгъэхэм хэтын, абы щытекІуэу и кьулыкъум пэрыувэжьин мурад зэриІэрщ.

Щхьэхуэу псэумэ нэхъ кьащтэ

Украинэм щыщ Донецкэ, Луганскэ областхэм тхьэмахуэ махуэкІуам щекІуэкІа референдумхэм кьриІуахэр зэхалъхьэжащ.

А махуэм зэхагъэкІащ Донецкэ щІыхубэ республикэрэ зи щхьэ и унафэ зыщІыж Луганскэ областрэ кьэунэхуным щІыхуэхэр зэрыхущытыр.

Донецк и хэхакІуэ комиссэ нэхъыщхьэм кьыззэритамкІэ, а щІыналъэр республикэ щхьэхуэ хъунымрэ и телъхьэу кьыщІэкІащ Іэ зыІэтахэм я процент 89,7-р. Мыарэзыхэр процентри 10,19-рэщ зэрыхьур.

Луганскэ областри Киев и унафэм кьыщІэкІыным и телъхьэу кьэуващ абы щыпсэухэм я процент 96,2-р. Абыхэм кьалэщІэтыр проценти 3,8-рэ къудейщ зэрыхьур.

ЩІыналъэхэм кьыззэрыщыхагъэщащи, щІыхуэхэр мы Іуэхум икъукІэ жыджэру хэтащ. Донецкдэсхэм ящыщу хэхыпІэ участкэхэм кьекІуэлІащ процент 75-м нэблагъэ, Луганск а бжьгъэр процент 81-рэ щыхъурт.

НОБЭ

♦УФ-м и тенджыз ФІыщІэ флотым и махущ

♦1783 гъэм Урысейм и тенджыз ФІыщІэ флотыр кьыззрагъэпэщащ.

♦1913 гъэм Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщІэхэм я зыкъаІэтащ.

♦ТхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъубж Мухьэдин** кьыззэралъхьурэ ильэси 101-рэ ирокъу.

♦Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ ПсэукІэ-Дахэ жылэм щыщ зауэлІ хахуэ, Урысейм и ЛЫхьхьжь **Къардэн Уэхьид** кьыззэралъхьурэ ильэс 90 ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ, «Къэббалъкъ-лъэмыжьхуэ» ЗАО-м и унафэщІ **Джэрыджэ Кьанщобий** и ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, Кемеровскэ областым 1997 гъэ льандэрэ и Іэтащхьэ **Тулеев Аман** и ныбжьыр ильэс 70 ирокъу.

♦«Налшык машинэ щащІ завод» ОАО-м и унафэщІ **Соблир Руслан** и ныбжьыр ильэс 61-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ, КъБР-м, Ингушым щІыхь зиІэ я артист **Зеущэ Іуэсе** и ныбжьыр ильэс 49-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, драматург, УФ-м и драматургхэм я зэпеуэм и лауреат, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Кьаныкьуэ Заринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мэз пхъэншэ хъурэ?



ТекIуэныгъэ Иныр ягъэлъапIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Дэ дрогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрми ТекIуэныгъэ Иныр къэгъэблэгъэным езым хуэфащэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам. Зауэм и Iэнатlэ псоми ди лъахэгъу мин 60-м щIигъу псэемыблэжу биим щыпэщIэтащ. Республикэм и цIыхухэр хэту къызэрагъэпэщащ 175-нэ, 337-нэ фочауэ дивизэхэр, часть щхьэхуэ зыбжанэ, дзэ еджапIэу тIу. Абы къыдэкIуэу, СССР-м Зыхъумэжныгъэмкlэ и Къэрал Комитетым 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 13-м къыдигъэкIа унафэ щхьэхуэмкIэ къызэрагъэпэщащ республикэм и къарукIэ къанэ щымыIэу зэщIауэзэда икIи Iэщэ-фащэкIэ зыхуей хуагъэзэа 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэр. 1942 гъэм и бадзэуэгъуэмрэ шыщхьэуIумрэ дивизэм хэтхэм АныгъэшхуэкIагъэлъэгъуащ, Сталинградрэ Кавказым щIыдагъэ кIыщыщIаш и щIыпIэхэмрэ кахуеIэ биим и танк, моторизованнэ частхэм я къару къефIэкIхэм апэщIэту.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэхэмрэ ипхъухэмрэ хэкум и пащхьэм щаIэ къалэныр щIыхь пылъу ягъэзэщIащ. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ абыхэм ящыщу мин 12-м щIигъум къэрал дамыгъэхэр къратащ, ди лъахэгъу 33-м «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ, ЩIыхь орденым и нагъыщищри пIым кратащ. Нобэ ди Хэкум егъэлъапIэ текIуа зауэлIхэр, и къуэхэмрэ ипхъухэмрэ, зи къалэныр и кIэм нэсу зыгъэзэщIа, пIыщIрэ тху гъэм ТекIуэныгъэм и гъатхэр къэсын папщIэ хуэзфIэкI гуэри къэзымыгъэна псори.

Ди щхьэр худогъэщхъ фронтым щыIахэм къагъэлъэгъуа хахуагъэм, цIыхубэ тхыдэм щынэхъ гущIэгъуншэу щыта зауэм и хьэзаб псори зыгъэва ди япэ итахэм гъунапкъэншэу фIыщIэ яхудощI.

Мы махуэм къэралым пщIэшхуэ яхуещI тылым щыIахэм лэжьыгъэ IэнатIэм къыщагъэлъэгъуа зэфIэкIымрэ зихуэдэ щымыIэ бэшэчагъымрэ. Дэ тщыгъупщэжынукъым фронтым, ТекIуэныгъэм папщIэ я къару емыблэжу заводхэмрэ фабрикэхэмрэ, губгъуэхэмрэ фермэхэмрэ щылэжьахэм зэфIагъэкIар.

Ди къэралым ТекIуэныгъэм уасэшхуэ дыдэ щIитащ. Зауэм хэкIуэдащ совет цIыхухэу мелуан 27-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэхэу, ипхъухэу мин 40-м щIигъум я гъащIэр щхьэузыхь хуащIащ ТекIуэныгъэ Иным. Мы махуэм дигу къыдогъэкIыж езыхэм нэхъ лъапIэ дыдэу яIэр - я гъащIэр - ди Хэкум и щхьэхуитыныгъэм хэзылъхьахэр. Дэ фIыщIэ яхуэтщIу ди щхьэхэр яхудогъэщхъ абыхэм зэрахьа лIыгъэм, къахьа ТекIуэныгъэм и инагъым.

Ветеран лъапIэхэ! Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр зы унагъуэ зэкъуэтщ, мамыру икIи зэгурыIуэу псэукIэщIэ яухуэ. Республикэм зегъэужьыным и унэтIныныгъэ убзыхуа диIэщи,дэфIэщхъуныгъэтхэлъхьэкIуэнум дыхуоплъэ. Илъэс гъунэгъу дыдэхэр увын хуейщ экономикэм жьджэру зыщиужьыну лъэхъэнэу икIи ар и лъабжьэу мурад нэхъыщхьэр - цIыхубэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр, ар экономикэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ зызыужьа щIыналъэхэм цIыхухэм щаIэ псэукIэм гъунэгъу хуэщIыныр - зэгъэхъуIэным и зэманэ. ИкIи, дауи, гулыитэ щхьэхуэ яхуэтщIынущ ди ветеранхэм. Дэ дяпэкIи псори зэфIэдгъэкIынущ, Хэку зауэшхуэм хэта дэтхэнэми, ди зэхуэдэ текIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа дэтхэнэми ди нэIэ зэрытетыр зыхедгъэщIэн папщIэ. Ар властымрэ зэрыщыту ди жылагъуэмрэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэу къапэщыт къалэнщ икIи я пщэ дэлъ жэуапныныгъэщ.

Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ дэри, зауэмрэ тылымрэ я ветеран псоми, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми ТекIуэныгъэм и гуфIэгъуэшхуэмкIэ сыныводгъэхъуэ. Псоми узынщагъэ быдэ, мамырыгъэ, зэIуэпэщыгъэ фиIэну си гуапэщ.

Зауэ илъэсхэм яуса уэрэдхэр адэкIэ ягъэзэщIащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэм, къекIуэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ сабий къэфакIуэ гупхэм. КъБКъУ-м и студентхэм композицэ гъэщIэгъуэнхэр ягъэлъэгъуащ. Ут нэхъыщхьэм щекIуэкIа махуэшхуэ зэхьхьэр гукъэкIыжхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ, ветеранхэм дэрэжэгъуэ ягъуэтарэ хуащIа гулъытэм я льэр жан ищIауэ зэбгрыкIыжащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий республикэ шыгъэжапIэм щыIащ. ТекIуэныгъэ Иныр кIыхьэрытхьрэ илъэс 69-рэ зэрырикъум теухуа шыгъажэм кIэлъыплъыну къекIуэлIат Хэку зауэшхуэм и ветеранхэри.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр республикэм и къалащхьэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щекIуэкIащ. ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр нухащ ар зыгъэдахэ хьэрэкIытэхэмкIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Фэеплъ лъапIэм деж

Накъыгъэм и 9-м и пщэдджыжьым удз гъэгъахэр тралъхьащ 115-нэ шууей дивизэм хэтахэм я фэеплъу «Стрелка» хьэблэм дэтым. Абы хэтащ ветеранхэр, къулыкъущIэхэр, школакIуэхэр.

Апхуэдэуи удз гъэгъахэр тралъхьащ ТекIуэныгъэм и стеллэу «Дубки» хьэблэм дэтым, нэгъуэщIхэми.

Макъамэ гукъинэжхэр

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я хорым Налшык къалэм и уэрам нэхъыщхьэм, Лениным и цIэр зезыхьэм, тет «Восток» кинотеатрым и гупэм деж концерт щитащ.

Концертым еплъыну къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ, ветеранхэр я гукъэкIыжхэмкIэ зэдэгъуэшащ. Нэхъыжьхэр, уеблэмэ щIалэгъуалэри ядежьуущ хорым игъэзэщIа, Хэку зауэшхуэм теухуа уэрэдхэм.

Утыкум къафэ щызэхаублэ

Налшык щекIуэкIа махуэшхуэ Iуэхугъуэхэм щыпащащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цIэр зезыхьэ утым. Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ, артист цIэрыIуэхэм ягъэзэщIа уэрэдхэм къызэхуашэсахэм яхэтащ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри. Абы дежьууахэри утыкум къихьэу къафахэри мащIэкъым.

НыбжьыщIэхэм я макъ жьгъырум удехьэх

Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм деж къыщызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къаIэтащ, я нэгу зрагъэужьащ гъуазджэхэмкIэ сабий школхэм я гъэсэнхэм.

Псоми я IутIыжт

Махуэшхуэ зэхыхьэхэм я кIэухыу Абхъазым и утым концерт гъэщIэгъуэн щекIуэкIащ. Абы щызэхуэсахэм я гукъыдэжыр даIыгъащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм, КъБКъУ-м и студентхэм, республикэм и районхэм кIыкIа къэфакIуэ гупхэм. Абыхэм ящыщт «Багъуэ цIыкIу» сабий къэфакIуэ гупыр (Нартан), «Насып» къэфакIуэ гупыр (Шытхьэлэ), спорт къафэмкIэ «Глория Данс» ансамблыр, нэгъуэщIхэри.

УАРДЭ Жантинэ.

● АПК

Дэтхэнэ зыри

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэр гуп щхьэхуэурэ зэгуохьэ. Апхуэдэ унафэ къыщащтащ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэри хэту ирагъэкIуэкIа зэIущIэм. Лэжьыгъэр зыхуэдэкIэ гуэшауэ хадэхэкIгъэкIхэм, жыггъэкIхэм, питомникзехьэхэм, бдзэжьей зыгъэхъухэм я ассоциацэхэр къызэрагъэпэщащ.

МЫКОММЕРЦIЭ организацэхэм я мурадыр я зэфIэкIыр хэIущIыIу ящын, я сэбап зыхэлъхэр нэгъэсауэ яхъумэн папщIэ, мэкъумэш IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэгуэгъэхьэнырщ. Къызэхуэсахэм къызэрыхагъэщамкIэ, гугъуехьхэм уащыпэлъэщынри, къэралым и мэкъумэш политикэр гъэзэщIэным жыджэру ущыхэтыфынри, узэкъуэтмэщ.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр ЩыхьмырзэМухьэмэд а жэрдэмыр яди Iыгъащ.

- Ассоциацэхэр властымрэ мэкъумэщыщIэхэмрэ дэлэл яхуэхъунущ, къэралым къыбгъэдэкI дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэм аэр нэхьыфIу хагъэгъуэзэнущ. Нэхъыщхьэращи, апхуэдэ зэгуэхэныгъэхэм ди зэпыщIэныгъэр тэмэму яхуэгъэпэнущ. Къуажэдэсхэр зыгъэпIейтейхэм, зыщIэлъэIухэм, къыхалъхьэ чэнджэщ щхьэпэхэм ящыщ гуэри гулъытэншэ тщIынукъым, - къигъэлъэгъуащ министрым.

Балъкъыз Замир - жыггъэкIхэмрэ питомникгъэкIхэмрэ, Хьэбжокъуэ Аслъэн - бдзэжьей зыгъэхъухэм, Битокъу Джэбрэил - хадэхэкIгъэкIхэм я ассоциацэхэм я унафэщIхэу хахащ. Дэтхэнэри мэкъумэш IэнатIэхэм я зехьэкIэм, я унэтIыкIэм фIыуэ щыгъуаззэщ.

Къызэрагъэпэща организацэхэр къэралым егъэтхыным пыщIа тхылъхэр иджыпсту ягъэхьэщыр.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Къулыкъухэр

КъБР-м щыIэ УФНС-м и унафэщI КIэрэф Мурат

Урысей Федерацэм финансхэмкIэ и министрым 2014 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, Урысейм и Федеральнэ налог къулыкъым и управленэзу КъБР-м щыIэм и унафэщIу ягъэуващ КIэрэф Мурат Анатолэ и къуэр.

КIэрэф Мурат 1978 гъэм Налшык къалэ къыщалъхуащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьитI иIэщ. 2002 гъэм КъБКъУ-м и экономикэ факультетыр бухучетымрэ аудитымкIэ Iэщ IагъэлI дипломыр иIэу къыиуащ. ИужькIэ юрист Iэщ Iагъэ зригъэгъуэтащ. Экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ.

2000 гъэм КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэм и бюджет къудамэм Iэщ Iагъэлl пэрыту лэжьэн щыщIидзащ.

2002 - 2003 гъэхэм КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм хьэрычэтыщIэ мащIэр дэIыгъныкIэ и къудамэм и Iэщ Iагъэлl нэхъыщхьэу щытащ. ИужькIэ а къудамэм и унафэщIу лэжьащ.

2004 гъэм щыщIэдзауэ 2012 гъэм и щэкIуэгъуэ пщIондэ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэу, КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм хьэрычэтыщIэ мащIэр дэIыгъныкIэ и департаментым и унафэщIу щытащ.

Иужь илъэсхэм КъБР-м финансхэмкIэ и министр къулыкъум пэрытащ.

Унагъуэщ. Сабиитl иIэщ.

КъБР-м щыIэ УФНС-м и пресс-Iуэхущ Iапl э.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщI Мэржэхъу Мухьэмэд

Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и Iэтащхьэ Корниенко Геннадий и унафэм ипкъ иткIэ, КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщI къулыкъур дзыхь хуащIащ къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд Хьэрэбий и къуэм. Ижьырщи илъэситIым ар Урысей ФСИН-м и къызэгъэпэщакIуэ-инспектор управленэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и инспекцэ нэхъыщхьэм и инспектор нэхъыщхьэ къулыкъум пэрытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и управленэмрэ абы и Iуэхущ Iапl эхэмрэ я Iэтащхьэхэм щIэуэ ягъэувэ унафэщIыр яригъэщIыхуащ къэрал кIуэцI къулыкъум и генерал-лейтенант Цэтуров Владислав. Абы Мэржэхъум и лэжьыгъэ гъэугъанэм къызэхуэсахэр щыгъуаззэ ищIащ. Ар щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, куэдкIэ зыщыгугъ унафэщIу зэрыщытри къыхигъэщащ.

Iэхугъуэ гуапэм кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Аппаратым, республикэм и Парламентым, Цыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм я лIыкIуэхэр, къарухьхэ. Iэнатlэхэм я унафэщIэр, КъБР-м щыIэ УФСИН-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэр.

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарь Ёшыгуауэ Руслан республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм къыбгъэдэкI псалъэ гуапэхэр Мэржэхъу Мухьэмэд жриащ УФСИН-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ IэнатIэхэм, ведомствэхэм я зэдэлэжьэныгъэм адэкIи зэрыпащIыр, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм къыпэщыт къалэнхэр зэрыпхагъэкIынур и фIэщ зэрыхъури къыхигъэщащ.

- Урысей ФСИН-м, КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм фIыщIэ яхузощI щыналъэ управленэм и унафэщI къулыкъур дзыхь къызэрыхуащIам папщIэ, - жиIащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и тхьэмадэщIэ Мэржэхъу Мухьэмэд. Я лэжьыгъэр сыт и пэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэрызэригъэпэщынур, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и зэхъуэкIныгъэхэм зэрыпищэнури абы къыхигъэщхьэхукIащ.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Щызэпыу къэхъуркъым

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мы гъэм мэлыжьыхьым и пенсэхэмрэ пособиехэмрэ и чэзум къыщабжри, къанэ щымыIэу ятащ.

ПЕНСЭ фондым и хьэкъкIэ пенсэхэмрэ пособиехэмрэ республикэм и цIыху 203 800-м яIэрыхьащ. Псори зэхэту 2014 гъэм и мэлыжьыхь мазэм КъБР-м и Пенсэ фондым пенсионерхэмрэ льготэ зиIэхэмрэ сом мелардрэ мелуан 934,2-рэ хухихащ.

Фигу къыдогъэкIыж: 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ социальнэ пенсэхэм процент 17,1-кIэ, лэжьыгъэ пенсэхэм процент 1,7-кIэ, зэ етыгъуэу хухахьм проценти 5-кIэ хэхъуащ.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

ІэщІагъэм зыщыхуагъасэ

Хабзэ хъуауэ, «Адыгэ псалъэ» газетым журналист ІэщІагъэм и щэхухэм зыщыхагъэгъуазэ КъБКъУ-м Филологиемкіэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм и студентхэм. Ильэс къэси хуэдэу, иужьрей курсыр къэзыух ныбжьыщІэхэм я практикэм хухаха тхьэмахуихьр мы гъэми редакцэм щагъэкІуащ.

БОРСЭ Иннэ, Уэлджыр Аринэ, Кумыщ ФатИмэт, Мэлей Назирэт, Мэщкіуащэ Анетэ, Наурзокъуэ Марьят, Хьэмыкъуэ Залинэ, Хьэшыр Иринэ, Хужькоъуэ Алёнэ сымэ редакцэм зэрыщІа зэманым Іэмал яІащ университетым зыщыхуагъэджа адыгэ пэжмиритэмрэ стилистикэмрэ я хабзэхэр къаэзэрыгурыІуар щІагъэбыдэжыну.

«Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ ХьэфіыцІэ Мухьэмэд пщащэхэр щигъэгъуэзащ газетым хэшІыкІыу ильэс 90 гъуэгуанэр зыхуэдэм. Аэр хъудамэхэм, корректорхэм я лэжьыгъэхэм кІэлъыплъащ, газетыр зэращІ щІыкІэм зыщагъэгъуэзащ.

Хъыджэбзхэм кърахьэлІа тхыгъэхэм ятепщІыхьмэ, абыхэм журналистикэм и кІэн зэхуэмыдэхэзэр кІыхьэщІаубыдащ. Аэр щІыху щхьэхуэхэм яІущІащ, зэІуІщІа зэхуэмыдэхэм щыІащ, язныкъуэхэм Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм ятеухуэ я епІыкІыхьэр ятхыжащ. Псори къызэщІэпкъуэжмэ, мы ныбжьыщІэхэр я пщэрылъым хъарзынэу екъуІащ, журналист Іэщ Іагъэми хэзэгъэгу гуГъэ ягъэщІ.

Нобэ ди газетым тыдодэ практикантхэм я тхыгъэхэм щыщхэр. АдэкІи дащоугуть абыхэм я тхыгъэ купщІафІэхэм «Адыгэ псалъэ» газетым и напэкІуэцІхэм дыщрихьэлІэну.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Щапхъэ

Щэнхабзэмкіэ унэм и гуащэ

Зи ІэнатІэм гукІи псэкІи пэрытырщ абы екъуІэныгъэ щызиІэнур. Абы и лъэныкъуэкІэ сыткІи щапхъэщ Къба къуажэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІ Бесльэней Юлианэ Болэ и пхъур. Лэжьыгъэщхъу щызэфІегъэкІ а цІыхубзым мы ІэнатІэм, кърихьэжьэ дэтхэнэ зы Іуэхури тэмэму и кІэм зэрынигъэсыным хущІокъу.

ЗЭФІЭКІ къиръэльаръуэу, унэтІыныгъэ зэхуэмыдэхэм дихьэхыу Къба къуажэм дэт курыт еджапІэм щІэсащ Бесльэнейр. Псом хуэмыдэу абы фІэгъэщІэгъэнт Гъуазджэмрэщэнхабзэмрэ епха дэтхэнэ зы Іуэхури, хамэ къэралыбзэхэр джынми ар фЫы дыдэу екъуІэрт. Курыт школ нэхъыщхьэ Юлианэ щеджащ Налшык къалэ дэт педколледжым. АдэкІэ абы юрист ІэщІагъэр зрихьэгъэнтащ, хамэ къэралыбзэхэмкІи и щІэныгъэм хигъэхъуащ. 1997 гъэм Бесльэнейр я къуажэ школым инджьыпзыбзэмкІэ егъэджакІуэу уващ. Ар зыхэхуэ гупым занщІэу ту лъатащ абы кьыхэгъэпэщакІуэ зэфІэкІ зэриІэм. Сыт хуэдэ Іуэхуи кьалэн щыщІи, ар Юлианэ тэмэму зэрызэфІихьынум зыми шэч къытрихьэртэкъым.

2008 гъэм Куба къуажэм Щэнхабзэмкіэ унэ щауэхуащ, Юлианиз абы лэжьапІэ яшащ. Щэнхабзэмрэ Гъуазджэмрэ дихьэх бзылъхугъэм абы гупжьей зэхуэмыдэхэр къыщызэрпэщэщащ. Юлианэ къызэІуихащ театр студие, усэ гъэхуауэ, шэрыуэу кьеджэу щагъасэ, хамэ къэралыбзэхэр нэхъ куууэ щрагъащІэ гупхэр зэхишащ. Абы кьищынэмыщІауэ, Щэнхабзэмкіэ унэм къыщрахьэжьэ сыт хуэдэ Іуэхуми Бесльэнейр жыджэрэу хэтт.

Зыпэрыхъэ Іуэхур нэсу зэфІэхэа хъунымкІэ зи гуащІэ емыблэж Бесльэней Юлианэ куэд дэмыкІыу Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІу ягъэуващ. Зыпэрыт ІэнатІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ абы зэфІигъэкІыр къыпхуэмылъытэнщ. Езэши цьхэхи ищІэркъым а бзылъхугъэм. Щэнхабзэмкіэ унэм хэту библиотекэщхъуэ кьызэІуихащ, абы цІыхухэр кьешэлІа хъунымкІэ Іэмал зэхуэмыдэхэр къеГъэсэбэп. Псом хуэмыдэу Юлианэ гулъытэ зыхуищІыр «Жемчужина гор» сабий къэфакІуэ ансамбльыщ. Бесльэнейм и псэемыблэж ляжьыгъэм куэдкІэ и фЫгъэщ ансамблым «щапхъэ зытрах», «цІыхубз» цІэ лъапІэхэр кьызэрыхуагъэфэщар.

Къуажэдэсхэр зыхэт зэІуищІэхэри щІэх-щІэхыурэ щрагъэжІуэкІ Щэнхабзэмкіэ унэм. Апхуэдэу Ильясы-щІэм, Жбы хъуахэм, ТекІуныгъэ Иным, Сабийхэм я махуэхэм яхуэгъэпса, гъэрэ щІырэ щызэхэкІым, лъэпкъ хабзэхэм ятеухуэ зэІущІэхэр ирагъэкІуэкІ. Гъэмахуэ пшыхьхэм адыгэ джэгу зэхашэ.

- Ди Іуэхущ Іапіэм иІэ ехъуІэныгъэхэр псом япэу зи фЫыщІэр ди лэжьакІуэхэрац, - жеІэ Юлианэ. - Абыхэм яхь жэуапльныгъэр зыхуэдэр нэсу зыхащІэу я кІаэлныр яГъэзащІэ. Дэтхэнэми теухуауэ псалъэ гуапэ куэд пхужьыІэнущ. НэхъыщхьэрацІи, ди гупым хэтхьым зыпэрыт ІэнатІэр зыфІэмыгъэщІэгъуэн, абы и щыхьэтщ я лэжьыгъэр цІыхухэм нэхъ щІэщыгъуэ ящыщІыныкІэ Іуэху епльыкІэ зэхуэмыдэхэр зэраІэр, ахэр гъэзэщІа хъунымкІэ Іэмалхэр кьызэраольхьуэр.

Щэнхабзэмкіэ унэм и унафэщІу Бесльэней Юлианэ зэрылажьэрэ куэд мыщІами, къуажэдэсхэм фЫщІэрэ щытхъурэ къыщІыхуащІ Іуэху щхьэпэ куэд зэфІигъэкІащ. Абы и лэжьыгъэм къыпэкІуащ ЩІыхь тхыльэ зыбжани.

ХЬЭМЫКЪУЭ Залинэ.

● Зэпеуэхэр

Псори зыщІэну хуей ныбжьыщІэхэр

Бизнесымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, хабзэ дахэ хъуауэ, илъэс къэс еджакІуэхэм папщІэ иреГъэкІуэкІ «Псори сщІэну сыхуейщ» зэпеуэ. Республикэм и ныбжьыщІэхэм я мызакъуэу, а зэхьэзэхуэм илъэситІ хъуауэ я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ Къэрэшей-Шэрджэсым и лЫкІуэхэми.

«ПСОРИ сщІэну сыхуейщ» зэпеуэм еджакІуэхэм я зэчийр унэтІныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ наІуэ кьещІ. Абы ныбжьыщІэхэм Іэмал ярет зыкІомыл щадж предмет зэхуэмыдэхэмкІэ я щІэныгъэр зэхьэнсыр кьапщытэну.

Зи чэзу зэхьэзэхуэм кьрикІуэкІуэр иджыблагъэ зэхалъхьэжащ иКІи абы щытекІуаХэр щагъэпэлапІэ зэІуцІэ гуатэ щекІуэкІащ Бизнесымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым. Пшыхьым кьрихьэлІат КъБР-м и Парламентым и депутат **Мамбэт Анзор**, республикэм Печатымрэ цІыхубз коммуникацэхэмкІэ и къэралкомитетым и УнафэщІым и къуэдзэ **Быллыев Ахъмэт**, «Адыгэ уна» тыкуэным и тхьэмадэ, эхьрычэтыщІэ **Іутлыж Мэжид**, Налшык къалэм и цІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ **Дыджэш Лидэ**, КъБР-м автотранспортым и къэралкомитетым я профсоюзым и унафэщІ **Голованенкэ Аннэ**, радиожурналист, усакІуэ-уэрэдыс **Выидыжь Мэщ** сымэ.

Зэпеуэм еджакІуэ 18-м бжьыпІэр щаубыдащ. Апхуэдэу унэтІныгъэ зэхуэмыдэу щыкІэ текІуэныгъэр къэхьащ ЦІыпІынэ Даринэрэ (Къамылыкъуэ курыт еджапІэ) Журтыбей Иннэрэ (Малкэ къуажэ дэт курыт еджапІэ №1). Быллыев Ахъмэтрэ Мамбэт Анзоррэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр кьыхаГъэщщ, ныбжьыщІэхэм адэкІи екъуІэныгъэхэр яІэну екъуэхъури, пщащэхэр яГъэпажащ щІыхь тхьылърэ саугъэт зыпІэнкІэ.

Предмет зэхуэмыдэхэмкІэ унэтІныгъитІым пашэ щыхъуащ Мамхэрэ Елдар (Ислъэмей кьуажэм дэт курыт еджапІэ №1), Хьусеин Тимур (МкІэкъ кьуажэм дэт курыт еджапІэ №1), Кьалмыкъ Аллрбек (Зэрэгъныж кьуажэм дэт курыт еджапІэ) сымэ. Кьыхэгъэщыпхъащ илъэс хъщ мы щІалэхэм зэпеуэм текІуэныгъэ кьызэрыщащхьр.

ФІыщІэ яхуэфащащ ныбжьыщІэхэр зэпеуэм хуэзыгъэхьазыра егъэджакІуэхэу Къанкъул ФатІимэ (Къамылыкъуэ кьуажэм дэт курыт еджапІэ), ЛъэнкІэпІашэ ФатІимэ (Малкэ кьуажэм дэт курыт еджапІэ №1), Мыщхъуажь Светланэ, Іэхъуэ Мадинэ (Ислъэмей кьуажэм дэт курыт еджапІэ №1), ЕкІэщІауэ Жаннэ (Зэрэгъныж кьуажэм дэт курыт еджапІэ) сымэ. Щэч хэмылъу, абыхэм еджакІуэхэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэр ныбжьыщІэхэм я текІуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуари.

ЕгъэджакІуэхэми еджакІуэхэми адэкІи екъуІэныгъэ лъагэхэр яІэну ди гуапэщ.

НАУРЗОКЪУЭ Марьят .

Блэкіамрэ нобэмрэ зызогъапщэ

● Іуэху ещІыкІэ

Узышыагъэм и уасэр къэщІэну хууейм, сымаджэм абыкІэ еупщІ. Абы и жуэап пэжыр къэзытыфынур узым иубыдарац. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей ди зэманым щыкъ узышыщхэр кІуэ патми нэхъ мащІэ мэхъу, пасэм щымыІэ узыфэ куэдым урохьэлІэ. Абы и лъэныкъуэкІэ куэдрэ зызогъапщэ ди блэкІамрэ нобэмрэ. Къащтэмэ, блэкІа лЭщІыгъуэм и щІыхуэхэр нэхъ узышІэу, нэхъ бзэшІу щытахэщ. Уеблэмэ абыхэм ящыщ куэд узышыагъэ быдэ яІэу нобэм кьэсаш. ЖьпІэнэрамэ, абыхэм я куэдыр куэдкІэ нэхъ быдэщ.

СЭ сызэрепльымкІэ, ар псори зэльытыжар дыкъэзыыхуэреихь дунейм - щІыуэпсым и щытыкІэрщ. Абы и кьабзагъэм куэдкІэ елытагъ цІыхум и узышищагъэр. Абы и мыхьэнэр нэсу кьыдгурымыІуэу ди щхьэм зэран дыхуохьуж. Дыкъэзыыхуэреихь дунейр тхъумэным и пІэкІэ, ар пхъэнкІий идзыпІэ дощІ. ГъащІэм псынщІэу зеужь, абы кьащцыхъу зэхъуэкІыныгъэщІэхэм псоукІэр куэдкІэ нэхъ тынш къыт-щащІ. Апхуэдэу щытми, Іэмалыщ Іэхэр кьагъэсбэну лажьэ Іуэхущ Іапі э зэхуэмыдэхэм я зэран йокІ дызэрыбауэ хьэуам. Ар ЦІыхухэми псэущхьэхэми зэран яхуохъу, хуэм-хуэмурэ узышищагъэр къегъэГъасхъэ.

Хущхъэу гуэр зэзымыхьлІэ цІыху щІагъэу щыІэу къыщІэкІынкъым ди зэманым. Янэм апхуэдэ щыІакъым, нобэ дохутырхэм кьагъэсбэн хущхъэу лІэужьыгъуэ кьомыр ямыІэуи нэхъ узыфэ щынагъуэ дыдэми елэхфу щытащ. Уеблэмэ яхуэзэфІэкІыпрт фочышэр Іэпкъльэпкъым дыкІи зэран хуэмыхьыу къыхахьажьмэ. ЕджакІэрэ тхэлІэрэ тэмэму зэымыщІа лъэпкъым Іущагъэшхуэ зэрыбгъэдэлъам и щыхьэтщ ар. Адыгэхэм я ІэзэкІэр къыдыхэкІыр я набдзэгубдзапльагъэр, щІыуэпсым пэгъунэгъуу, абы пщІэ хуащІу кьыдэрекІуэкІыпрт. Ахэр фЫыуэ щІыуэзэт хущхъэу зыпылъ къэкІыгъэхэм. ИкІи я зэманыр бламгъэжІыу ахэр зэхуэхьэсыри, илъэс псом ириІэзэрт. Дэтхэнэ щІыхуми ищІэн хуейт, псоми щымыгъуазэми, нэхъыбэр зрихьэлІэ узыфэхэм хущхъэу яхуэхьэнуу удахэр, ар зэрызэпхьэлІэну щІыкІэр. ЗекІуэр зи гъащІэм хабзэ нэхъыщхьэу хэта адыгэхэм я дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэт. Гъэзэгуанэ тету абы зыгуэр кьыщыщІ хъумэ, узыр зэрызыщхьэщихьмэ щыгъуазэу щытпхьэт. Ноби куэдым удэ хущхъуэхэр къагъэсэбэн, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэ ІэзэкІэм и щэху псори ди зэманым къахьэсыфакъым.

ЩЫзбло узышиз яІэным гулъытэнхуэ хуэхьэщІыкІыр адыгэхэм. Щысабийм и деж щегъэкьауэ, абы и узышищагъэр зэрапсыхьным хущІэкьурт. И щхьэкІи Іэпкъльэпкъым зегъуэжьыкІи егугуъхэрт. Адыгэ щхьиныгъуэхэр къэтщтэнщи, абыхэм псоми кьэуат ящІэльщ, нобэ ди Іэнэхэм тельыр химие пкьыгъуэхэр нэхъыбэу зыхэлъ ерыскъыщ. Щэч хэлъкъым ар ди узышищагъэм зэрегуаулэм. Щхьэхьнагъэрэ узышищагъэм и бийхэм ящыщщ. ЦІыхум нэхъыбэрэ зигъэхъеныхуІэ, и Іэпкъльэпкъыр зэщІиитэжьІыхуІэ и щхьэ ифІ зэрихуэу арац. Сабийм и Іэпкъльэпкъым зэрызэригъэужьаныбмэ епхац адыгэ джэгуІэ псори. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ахэр ди гъащІэм хэтыжкъым. Сыт нобэрей сабийр зыхуейр? Компьютерым бгъэдэку джэгунырщ. Апхуэдэуи ар махуэ псокІэ щысыфынущ. Ар и нэми зэран хуохьу, зи зыужьыгъуэ Іэпкъльэпкъми махуэ псом зэрызимыгъэхьерр тэмэмкъым.

Ди нобэрей щІэблэр лъэрымыхь зыщІэхэм ящыщщ фадэрр. Абы и пІэкІэ ди янэ ягъ нэхъыжьхэм кьагъэсбэну щыта махъсымэм ЦІыхуэр гужан ищІу арат, узышищагъэм ЩІэхэр хъууэ ар кьахэтахьым. АтІэ узышищагъэр къэзыхэтІасхъэ, акъылыр зыгъэутхъуэ фадэм махъсымэм и пІэр иубыдынщи сыт кьызыхэкІар?

Зи узышищагъэм апхуэдэу гулъытэ хуэзыщІыж лъэпкъым, дауи, гъащІэм и адрей ухэтІыныгъэхэмкІэ иа зэфІэкІэхэр нэхъ мащІэкъым. Дривгъэплъэж адыгэ хабзэми, нобэрей гъащІэм кьезэгъэхэр кьыхэдгъэльхьажь.

МЭЛЕЙ Назирэт.

«ЩІым зы ептмэ, щэ къуетыж», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. А псалъэхэм я мыхьэнэр фЫы дыдэу кьыгуроІуэ Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм щыщ Къущхьэунэ Равидэ, Араш абы зригъэгъуэта дэрбзэр Іэщ Іагъэм кьыдэкІуэу щЫм телъжьыхьыныи зыщІрищыцытар.

КЪУЩХЬЭУНЭР зэлэжьыр кІэрТІофрацІи, кьуажэдэсхэм зэрыкъаІэмкІэ, Іуэхум фЫыуэ хэзэгъаУэ, илъэс кьэсКІэ ГьавэФ бэв кьрехьэлІэж. Бзылъхугъэр апхуэдэ лэжьыгъэ хьэлъэм эрехъуЛІэм, кІэрТІофр гъкЫным теухуауэ кьинхьэсжьаным. Іэмалхэм зыщыдгъэгъуэзэну зыхуэдгъэзащ.

- Сэ хэсщІэр кІэрТІофр пасэщ, - жиІащ Равидэ. - Мыбдежьым нэхъыщхьэр и чэзур блумыгъэкІыу зхэсырщ. ПасэІуэу хэпсэмэ, щІыІэм пфІисжьынкІи хъунущ, бгъэзгувэмэ, къэтІыжьыгъуэр кІасэ пфІэхъунущ. ЩЫзэпсэну махуэр тебгъуэ ноужь, ар къэсыным мазэм щІигъу иІэу жылэр гъэхъэзырын хуейщ. ЦІы зыхэпсэнуми куэд елытагъ, абы жылэр емызэгъынкІи хъунущ. Араци, мы Іуэхум и нужь ихьэхэм шы Іэныгъэ яхэлъыпхъэщ. ЩЫм елэтъ жылэр кьэпщІэнкІи лъэпкъитІ-щы пфІихьэныкІи мэхъу. Зы илъэсым кІэрТІофыр кьомыхъуЛІамэ, кьыкІэлъыкІуэ гъэм жылэр пхъэжьу уепльын хуейщ. Дэ, псалъэм папщІэ, ди щЫм нэхъ йозэгъ «Галанка», «Невский» жылэ лІэужьыгъуэхэр. Узыхуей жылэр кьыхэпха нэужь, ар нэхум хэту, хуабагъуі градус 18 - 20 иІэу махуипщІкІэ щыгъэтын хуейщ кьинкЫкІын папщІэ. ИужькІэ ар нэхъ щІы Іэтэ Іапі э, градуси 10 - 12 адэщЫэм, богъэІэпхъуэ, кьинкЫкІа кьуэпсхэр кІыхьы Іуэ мыхъуу нэхъ быдэу кьызэтенэн папщІэ. Ар жылэм и Іуэхукіэ.

Адэкіэ щЫр ибогъаношъ, ибогъэтэщагъэ, сантиметри 8 - 9 и кууагъыу дыбогъэтхъуи, кІэрТІофр папІэ къэсІэ сантиметр 35 - 40 я зэхуакуу дыболъхъэ. КІэрТІофр сатырхэм сантиметр 70 я зэхуакуу кьэгъэнэн хуейщ. Кьыхэкіын щІидза нэужь, псоми зэращІэщи, уущІэнчъ, щІэпТхъэщи, Іэмал имыІэу псыкІи уегугъэн хуейщ.

Пэжщ, тыншкьым, ауэ зыгуэр кьохъулІэну ухуеймэ, гугъуи зебгъэхьыпхъщ. Апхуэдэу уэзэлІэлІа щЫрри жылэри гъавэ бэвкІэ кьыпхуэупсэжьынущ.

БОРСЭ Иннэ.

Гъавэ бэвыр къызыпэкІуэр

Си гъащІэм и фІыгъуэ нэхъыщхьэ

«Уафэра хьэмэрэ хыра нэхъ иныр?» - сыщысабийм си анэм куэдрэ сеупщІырт абыкІэ. «Дауи, уафэращ нэхъ иныр», - кьызжиІэрт си анэм. А псалъэхэр щызэхэхкІэ, сыгуфІэурэ, мамэ Іэпілэ хуэсщІырти, жесІэрт: «Уафэм и инагъым хуэдэщ-тІэ сэри уэ пхузиІэ лъагъуныгъэр».

СЭ УАФЭР абрагъуэут си нэгу кьызэрыщІихьэр, икІи абы и инагъым, и жьжьагъым кІэ зэримыІэм хуэдэу, си анэм хузиІэ лъагъуныгъэр мыухыжщ. А си псалъэхэрмэкъызэрыщыхьуу щытар нобэ сщІэжьркъым, ауэ, нэхъыщхьэращи, гуим псэми кьабгъэдэкІыу абы щыгъэм жьсІахэм я мыхьэнэр сэ кІуэ пэтми нэхъ кууэ зыхъэющІ.

Дауи, дэтхэнэ зы цІыхуми и анэр зыщищІи ар зыхуитыди щыІэжькъым. Сэри арац, си анэр си гъащІэм и хъугъуэфІыгъуэ нэхъыщхьэщ. Япэми хуэдэу, абы хузиІэ лъагъуныгъэр гъуи нэзи зимыІэ уафэм хузогъадэ, ауэ я зыныкъуэхэми щэч къытызохъэ си гурыщІэр мынэхъ ину пІэрэ жьсІэу.

Анэр гъащІэм и дигъащ. Бынымрэ анэмрэ яку эзыщІэныгъэ быдэ, лъагъуныгъэ куу дэтщ. КьащІтэмэ, анэм бынымкІэ хуиІэ гурыщІэм лъащІэ иІэжьым, абы и лъагъуныгъэм нэхъ кьабзи умыльтыхъэ - бгъэзатыныкъым. Анэхэм я гъащІэр я бынхэм ятеуфбгъуаэуэ яхь. ЩЫзкъым зы бынри, анэм и хьжьыр хуэщІыныкьыну.

Ди анэ лъапІэхэм хуагъэпса усэхэр, уэрэдхэр куэду щыІэщ, мащІэкъым абыхэм трауХуа тхыгъэхэри. Мыбдежьым къэсхьыну сыхуейт «Тхьэмрэ сабийм» я псалъэмкъ» хьыбарыжьыр.

- Дунейм кьытехъэныж зы махуэ иІэжу сабийр Алыхьым еупщІащ:

- Сэ сщІэркъым мы дунейм сыщІэкІуэм и щхьэусыгъуэр. Сыт сэ сщІэн хуейр?

- Умыгузавэ. Сэ уэ гъуэ пхуэсщІынущ сытым щыгъуи кьыпкІэльыльхьан мелыІыч. Уэ абы псори кьыбгурагъаІуэнущ, - жиІащ Алыхьым.

- Дауэ сэ абы жиІэр кьызэрызгурыІуэнщр, и бзэр сымыщІэмэ?

- А мелыІычым езым и бзэр игъэщІэнущ. Абы уэ Іейм кьурыхьмэнущ.

Дапщэ, икІи дауэ сэ уи деж кьызэрызгъэзэжынщр?

- Уи мелыІычым псори кьыбгкІэнущ.

- Ди, Тхьэшхуэ, хэт-тІэ а си мелыІычым и щІэр?

- Абы щІэ къэд щІэщ, уи дежкІэ а псоми мыхъэнэ яІэкъым. Уэ абы уэрэджэнур Анзщ.

ДвигъэгъэльапІэ, фІыуэ двигъэльагъу, пщІэ яхуэдвгъэщІ ди анэхэм. Абыхэм ящІыгъуу дгъакІуэ дакьыкъэхэр уасэшнэщ. ЩІдмыгъэбащІэ ахэр ди гулъытэ. Анэр бынымкІэ щыгугъыркъым. Бын гулъытэрщ анэм и дежкІэ тыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр. ЩІэх-щхьыуэ яжедвгъэІэ абыхэм фІыуэ зэрытлъагъур.

Си анэ дыщэ, узышиз, угуфІэу, угушхуэу Тхьэм къэдрэ ди япэ ригъэт.

КУМЫЩ ФатІимэт.

Сонэ Абдулчэрим и дзапэ уэрэдыр

● Усакіуэмрэ усэхэмрэ

Сонэ Абдулчэрим нэхъыбэу зытетхьхэм ящыщщ усакІуэм гуро псэкІэ ягъэІэфІэ и лъэхэр, лъэпкъ тхыдэр, гъащІэмрэ зэманымрэ. УсакІуэр иропагъ, и псэм кьыбгъэдэкІ псалъэ Іэфікіэ егъэлъапІэ и лъэпкъ тхыдэр, зэи теплъэкъыІыркъым абы:

Си лъэпкъ тхыдэщ си дзапэ уэрэдыр;
Илъэс мин зыбжанэм ар я макъщ.
Тхыдэ инхэр мы щІыпІэхэм,
Сыхуэхьыщапсэ мыхъумэ,
СыблэхъуэпсыкІакъымсэ ди льэпкъым

(«Дзапэ уэрэд»)

Усакіуэ набдзэгубдзапльэм и кьаІэмыпэм кьыщІэкІащ дунейм и теплъэр Іупщ Іыдыдэу, зы псалъэ-псалъитКІэ уэзыгъэльагъуф, гукъинэ щыІэу уэсэ кІэщ - кІэщ дыдэу, пычыгъэу, ядзыгъуэ цІыкІуэу гъэпсауэ:

Ядзыпэ къэси, жыг тхьэмпэ псоми
Гъуджэ-ткІуэпс цІыкІуэр
псыпсу яфІэскъэ;
ТкІуэпсхэм кьащІопсэ дыгъэпс
кьепсыхри
Псырылъэ псыгъуэу бзийхэр ирашкъэ.

(«Ушх нэужьым си льахэр»)

Сонэм и мащІэкьым сабийхэм яхуитха усэхэр, ахэр адрей тхыгъэхэм кьахолыдыкІ. Усакіуэм куууэ зыхещІэ сабийм, ныбжьыщІэм и гурыгъу-гурыщІэхэр, усэ шэрыуэхэ ельэтэф сабийм и дунейр, и хьэл-щэкІэр, абы и псэр зыгъэхьыщІэмрэ и гур зэхьгъахъуэмрэ. «ЦІыкІуу кьемыжьэ ин хъуркъым», - жеІэ адыгэ псалъэжьым. Сабийгъуэ дахэ зэримыІари, гугъу зэрехьари, гъащІэм и нэщІэбжьэ зэрилъэгъуари игу ихуркъым, ауэ ар абы гу щІыІэ-псэ щІыІэ ищІакъым, цІыхухэм гужьгъэжь яхуищІын хуэдэу. Усакіуэм дунейр кьыдофІэрарІэ, щІыльэр кьыдощІэращІэ. ЦІыхухэрщи, Іэ щІыІум тесу кърихьэкІынт, апхуэдизкІэ фІыуэ елъагъури. Ем Іумыщ Іа цІыхум фІыр зищІысыр ищІэркъым. НатІэкІэ жьэхмыуауэ, имыгъэгъэсаи, и фэ дэмыкІауэ, псэзэпльпъхьэпІэ ихуэу имыгъэнэхуауэ цІыхум зыхищІэркъым фІымрэ Іейм рэ, нэсуи пщІэ хуищІыфырькъым гъащІэм и Іэфіагъэм. Мы жьгІахэм я щыхьэтщ мы уса цІыкІур:

Шыбгъэ сыкърилъхьэу
ажалыр мыджэгуамэ,
Гъыбзэ зыусахэр кьызгурымыІуэнт.
Лъэпощхьэпо куэдыр
кьызэмыгузуамэ,
Фэм дэхуэну псори сыткІэ
сэ кьэсщІэнт?
Гъатхэм и Іэфіагъкіэ псэм
зимыпсхьамэ,
Ар дыджыгъэ залэм щІэхутэнт и льэгу.
ПсэмкІэ Дыгъэр Псэщи,
ар кьыпхуэмыпсамэ,
Мы дунейм утеткъым - езыр
тетщ уи щыгу.

(«Шыбгъэ сыкърилъхьэу симыгъэзджыжджамэ»)

ЦІыхубэм, тхьилъеджэм захуегъаэзри, усакіуэр и гурыщІэ батэм кьызэщІиэтауэ, и псэм кьабгъэ кьыщымыхъуу, мэхъашэу, зыгъэпІейтейуэ щыІэ Іуэхугъэ мыфэмыщхэм щІоущІэри езым жэуап иретыж мы сатырхэмкІэ:

Щхьэ сыблэмыкІыфрэ, си гур щІэмыІуэ,
Гъэгуум хьэ зеиншэ
щыслъэгъуа нэужь?
Зи Іэпкъльэпкъ пщыкІутІым щыщ
гуэр зыдэмыбзэкІэ
ЦІыхубэ къуанщагъэм сфІощІыр
я Іэужь.
Афэ джанэ щыгъэкъым
си гу пцІанэ щырэм -
Гургыгъу - гурыщІэхэм я уэрам щэщІащ.
Емрэ фІымрэ я кум сыхуэзат щэрыуэу,
Мы дунейм и къуэпсым быдэу сыпыщІат.
ЦІыхуу щыІэм зыщ я дыгъэр,
Зэхигъэжу ар къемыпс,
ЗыгъэльапІэ зэрэгъэушыгъэр
Псэ узынщэм ещІ гунэс.
ЛІыгъэ зиІэм егъэбгаГъу
Адэ-анэм я нэмыс.
Бын цІэрыІуэр дэрэжэгъуэщ,
Лъэпкъым дежкІэ ар насыпщ.

(«Си щІалэгъуэ»)

ЦІыхур зэрыхъунур и нэтІэм кьиртхэу кьалъхуу жаІэ яныныкъуэхэм, адрейхэм - и гъащІэр езы цІыхум и Іэрыщіу кьалъытэ. А Іуэхум ф ЬэдыхьэкІэ Іэджэ иІэщ, ауэ усакіуэ Сонэ Абдулчэрим мыпхуэдэущ абы зэрепльыр:

Удзыр къокІ, зыхуэдэр белджьылыуэ:
Зыр банэжьмэ, адрейр - къедабзщ.
Жыгми ар я хабзэщ: зыхэр блашэщ,
Ябныныкъуэр - псей щхъэупс
къудамэбзщ.
ЦІыхуэхэщ ямыщІэр зыхуэдэнур:
Кьалъхуа цІыкІуу батэр зыхуаГъэшхэм,
Кьыпхуэщ Іынкъым льэпкъыр
зэхъуэхъунур, - Ябгъ хъуну цІыхури дамыгъэншэ?

(«Удзыр къокІ, зыхуэдэр белджьылыуэ»)

Усакіуэ цІэрыІуэ гуэрым зэрыжиІэгъащи, дэтхэнэ уэсэ сатырми гугуъехьыщІэ пылІащ, ар гущІэм щІызэпсщэ хъун щхьэкІэ, усакіуэм и фэм Іэджэ докІ. Апхуэдизу Абдулчэрим и усэхэр дунейм кьызэрыстехьар - абы и дэтхэнэ псалъэри и дэтхэнэ сатырри Іэджэрэ «щІипльыкІауэ», и гущІэпсэм кьыщІигъэвыкІыуэрэ щхьэж хуэфащэх пльыфэрэ фащэкІэ ящэсауэщ дунейм кьызэрытехьэр. Абы и щапхъэщ Абдулчэрим и усыгъэхэм я нэхъыбэлІэр. Сонэр псалъэм и пщІэмрэ и кьарумрэ куууэ зыхэзыщІэ усакіуэщ.

УЭЛДЖЫР Аринэ.

Дыкъэзыгъафэхэмрэ дыкъэзыгъэуджхэмрэ

Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм ди республикэми нэгъэущ щыпІэхэми ящыщ къэфакІуэхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ Къафэм и дунейпсо махуэм и щІыхькІэ.

ЗИ КЪЭФЭКІЭМ, утыку итыкІэм, зыныгъыкІэм дуней псор дихьэха, куэдым ф1ыуэ яльагъу, фестиваль зэхуэмыдэхэм я лауреат хъуа, Иорданием и дамыгъэ нэхъыщхьищ зыхуагъэфэща, КЪР-м щІыхь зиІэ и артист Атэбий Игорь зи художественхэ унафэщІ, КЪР-м и цІыхубз артист Биткъу Аслъэнбэч зи балетмейстер «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблыр япэу утыку къыщихьэм зэхуэсахэм Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ.

КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэхьхьэм къырихьэлІахэм и гугъу ахуищІащ Къафэм и дунейпсо махуэр республикэм махуитКІэ зэрыщагъэлъэпІам, Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ профессиональнэ пІэпкъ балетыр кьыдзрызэрагъэпэщрэ, япэ дыдэ «Палуцэ» балетыр утыку кьызэрыразэрэ мы гъэм мэлыжьхьым и 28-м илъэс 50 зэрырикъуам я щІыхькІэ Щоджэнцыкіу Алий я цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым концерт зэрыщатам.

ЗэІущІэм хэтхэм я гукъыдэжыр кьаІэтащ КЪР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Романихина Иринэ зи художественэ унафэщІ, КЪБКЪУ-м и «Каллисто» къэфакІуэ гупым, УФ-м къафэмкІэ щапхъэу кьыщІалъыта «Нал цІыкІу», «Кавказ» сабий ансамблхэм (унафэщІхэр Куэшей Алик, КЪШР-м, Ингуш Республикэм щІыхь зиІэ и артист Гороев Жамболэт), «Балкария» Іуэрыіуатэ-этнографие къэрал ансамблым (художественэ унафэщІыр КЪР-м щІыхь зиІэ и артист Кудаев Хьэсэнщ), уэрэдымрэ къафэмкІэ «Ставрополь», «Терские казаки» къэрал ансамблхэм (УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, щІыхь зиІэ и артист Громаков Иван, КЪР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бочаровэ Галинэ), «Тюльпан» къалмыкъ къэрал ансамблым (КъалмыкъРеспубликэм щІыхь зиІэ и артист Эрдниев Валерэ), «Синдхэр» къэрал къэфакІуэ ансамблым (Шэшэн, Адыгэ республикэхэм щІыхь зиІэ я артисткэ Едыдж Викториеи), УФ-м и цІыхубэ, щІыхь зиІэ и артист Плиев Нодарр апэу ипхъу Роксанэрэ, КЪР-м и Музыкэ театрым и балетым и къэфакІуэхэу КъущхьэКамиллэрэ Балъкъэр Аслъэнрэ.

Гухэхъуэт, щІэщыгъуэт пІэпкъ зэхуэмыдэхэм я хабзэхэр, я хьэл-щэныр зыхэпІъагъуэ къафэхэм уакІэпэлъпІыну, утыку итхэм я фащэхэм, зыныгъыкІэм зэхуэму хэлъымрэ зэрызэщхьэщыкІымрэ зэбгъэпщэну. Пльэпкъ къафэхэм дихьэххэм пшыхьыр, дауи, нэгузыуж, гукъинэж ящыхьуащ.

Пшыхьыр и кІэм щынэблагъэм, концертым хэта къафакІуэ гупхэм я пщащэ зэкІужэхэмрэ щІалэ куданхэмрэ кьыздзыздэжьам нэри псэри яхьэхуат.

Пшыхьым зыкъгъагъэхьэлІат КЪР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Битокъу Владимир, КЪР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщагъу Уянаевэ Іэминат, кьалэ, район, администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, республикэм и «Кабардинка» ансамблым зэман зэхуэмыдэхэм хэтахэм, гъунэгу республикэхэм кьикІа хьэщІэхэм.

ТекІуЖЬ Заретэ.

ЩІэблэм зезыгъэузэщІхэр

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэмэзЩІущІэгъапэщекІуэкІащ егъэджакІуэ-гъэсакІуэхэмрэ ныбжьыщІэхэр гъэзэгу захуэ тегъэувэным хуэлажьэ цІыхухэмрэ гъэлъэпІэным теухуауэ. «Серце отдаю детям» дунейпсо дыщэ орденыр хуагъэфэщащ зи лэжьыгъэм хуэІэкІуэлъакІуэхэм, педагогикэ Іэнатіэм хуэІэзэхэм, щІэблэр дахагъэмрэ гуапагъэмрэ емызэщыжу щІэзыпІыкІхэм.

КЪР-м щІыхь зиІэ и артист Къуэдз Іэбубэчыр зи художественэ унафэщІ «Макъамэ» пшынауэ гупым пшыхьыр кьызэІуиха иужь, утыкум кьрагъэблэгъащ гуфІэгъуэ зэІущІэр зытраухуахэр. Абыхэм дамыгъэ лъапІэр иратыжащ Дунейпсо Артийскэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэ, Урысейм и Арткомитетым и къудамэу Кавказ Ищхьэрэм щыІэм и унафэщІ Бейтыгъуэн Іэуесрэ Налшык къалэм и цІыхубзхэм я зэгуэхьныгъэм и унафэщІ Дыджэш Лидэрэ. Ягъэпажахэм ящыщщ Июан Галинэ (Налшык и прогимназие №34-м и унафэщІ), Щоджэн Ахьмэд (КооперацэмкІэ, экономикэмрэ правэмкІэ Белгород и университетым и къудамэу Налшык дэт институтым и унафэщІ), Бажэ Дотий (Лэскэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ), Къуэдз Іэбубэчыр (Сабий творчествэмкІэ унэм сабийхэм щІэныгъэ гуэдзэн етыныжмкІэ и егъэджакІуэ), Сэбанщы Светланэ (Арщыдан къуажэм дэт еджапІэ №1-м и унафэщІ), Щоджэн Маринэрэ БищІо Мафурэрэ (Хьэтуэй курыт еджапІэм и егъэджакІуэхэр), Къуныжь Къэчим (ЩІхьэлыкъуэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ), нэгъуэщІ куэдм.

- Иджы етІуанэу Дунейпсо Артийскэ комитетым, зи къудамэхэр къэрал 35-м щыІэ Іуэхущ1апІэ-иным, я цІэ кърелуэ зигури зи псэри ныбжьыщІэхэм я гъэсэныгъэм тезыхуэу цІыхухэм, - жиІащ Бейтыгъуэным. - Іу зэрыльэфащи, абыхэм яхэтщ егъэджакІуэхэр, щэнхабзэм, гъуазджэм, спортым я лэжьакІуэхэр. ШІэч зыхэмылъыр зыщ: ахэр псори зэкъуегъэувэ забийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, гъэсэным я кІару псори зэрырахьалІэм. Нобэрей зэІущІэм хуэдэхэр дунейм и къэрал куэдым щокІуэкІ икІи си гуапэщ дамыгъэр зыльхьэсэм ди республикэм и кьалэхэм, районхэм кьыщыхагъэщхьэхуэкІа ЦІыхухэр зэрахэтыр. ДощІэ апхуэдэ гульытэ зыхуэфащэхэр иджыри дыдэзэрымащІэр, зэман дызыхуэкІуэм абыхэмэ ди Іэ зэралъэдгъэІэсынум яужь дитынущ.

Пщыхьэщхьэр ягъэдэхащ, абы кьрихьэлІахэм я гукъыдэжыр кьаІэтащ щапхъэ зытрах «Нарт шыр» (художественэ унафэщІыр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я артиадэм и лауреат Хьэщыкъуей Аллэщ), «Зори Кавказа» (художественэ унафэщІыр КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Тхьэмокъуэ Мартинщ) сабий кьэфакІуэ гупхэм, уэрэджьІакІуэ пщащэхэр зыхэт «Райские птички»-м, Музыкэ театрым и солистхэхэу Багъ Любэ, Батыр Мухьэдин, Ташло Алий, Мамбэт Мадинэ, Мэз Джульеттэ, Щоджэн Аминэ, Абхъазым и къэрал филармонием и «Гунда» макъамэ ансамблым хэт, бжьамиящэ Чурей Дыжьын, КЪР-м и къэрал филармонием и уэрэджьІакІуэ Тхьэзэплъ Залинэ, Даур Иринэ, Кудаев Аскэр, Биев Аслъэн, Атмурзаев Ералъ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дол Маринэ

Чурей Дыжьын

Алихъан и топитІым дытрегъакІуэ

Щэуей Алихъан и етІуанэ топыр дегъэкІ

• Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ангушт» (Нэзрэн) - 3:1 (2:1). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 11-м. ЦІыху 1000 еплъащ.

Судьяхэр Соколов (Воронеж), Веселовский, Шаламберидзе (тІурИ Мэзкуу щыщІ).

«Спартак-Налшык»: Цыган, Мэкъуауэ, Абаз, Суслов (Костин, 72), Джикие, Рябокобыленко, Султонов (Чхапелие, 45), Киреев (Рухайэ, 64), Щэуей, Чуперко, Бэло (Панюков, 61).

«Ангушт»: Бучнев, Путилин, КІыщ (Дзейтов, 36), Аушев, Гузь, Каркаев, Дыщэкі (Газдиев, 81), Албаков (Осмаев, 70), КІурашин (Сорочкин, 80), Ахильгов, Гугуев.

Топхэр дагъэкІащ: Болэм, 16 - пенальтикІэ (1:0). Щэуейм, 25 (2:0). Ахильговым, 38 (2:1). Щэуейм, 54 (3:1).

Дагъуэ хуащІащ Гугуевым, Бучневым, Каркаевым, Дзейтовым.

Джэгум кьыхахуащ Гугуевыр.

Вэсэмахуэ Налшык щыізэпэщІэуват япэ дивизионым зэрыхагъэкІар куэд щІауэ наІуэ Нэзрэн и «Ангушт»-мрэ турнир таблицым и курыт увыпІэжэм зыщыізыгъэбыда «Спартак-Налшыкымрэ». Абыхэм я Іэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр мы зэІущІэмм адрей кьыкІэлъыкІуэмэ халъхьэжьыфынтэкъым. АрщхьэкІэ зэгъуэгъуэ республикитІым я футбол командэ нэхъыщхьэхэм я зи чэзу дежагъуэр хьэлэмэт кьыпщищІырт адыгэхэм я зэпэщІэувэныгъэм. «Ангушт»-м зыкъом щІауэ ди щІалэхэмкІэ зегъэлъэщ. Иджыпстуи абы щоджэгу КІыщ Залым, Дыщэкі Аслъэн, КІурашин Азэмэт сымэ. Ахэр псори вэсэмахуэрей зэІущІэм жьыджэру хэтащ. КьэщІэрэщІэж «Спартак-Налшыкми» пкъы хуэхъуар Абаз Руслан, Мэкъауэ Залым, Щэуей Алихъан, Болэ Руслан, Бажэ Амир сымэщ.

Налшыкдгэсхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэмкІэ джэгум кьыщидзащ. ХьэщІэхэр абыхэм куэдрэ япэщІэтыгъакъым. ЕпщыкІуэхэр дакъикъэм Болэ Руслан «Ангушт»-м и ГуащхьэхъумэкІэ щІэщІауэ и закъуэу ГъуэмІ ІыбгъэрыкІыхьэм, абы зыкъыпэщІэзыдза Бучневым ириудащ. Пенальти! Лей къызытехьар езыр метр пщыкІузым и деж Іухьащ икІи Іэзэ дыдэу бжьыгъэр кьызэІуихащ.

Адэкіи хэгъэрейхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр нэхъ кІащхъэ къэхъуакъым. Уебгъэмэ абыхэм жьыджэру яхэтт гуащхьэхъумэкэри. Арэуэдэхэм ящыщ зым Мэкъуауэ Залым ибгъумкІэ щыкІуэцІрыкІыкІ къыхихта топыр Щэуей Алихъан щхьэкІэ гъуэм дигъэкІащ.

Абы иужькІэщ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр мащІэу щысабырар. Ар нэзрэндэсхэм къамыгъэсбэпу къаІэнэжьым. Загъэпэсхуну икІыным зымащІэ фІэкІа къэмынэжауэ, ди гъуащхьэхъумэхэмрэ гъуащхьэтетымрэ топыр яхуэзэрыгъэгъуэшакъым. Ар Гугуевым кьипхъуатэри, Ахильговым иритащ икІи бжьыгъэр 2:1 хъуащ.

Джэгум и етІуанэ Іыхьэри налшыкдзэсхэм я тепщынгъэкІэ екІуэкІащ. Іэмал телъыджэхэр иІащ Болэ Руслан. ИкІи 54-нэ дакъикъэм Мэкъауэм аргуэру кьрита топыр Щэуейм дигъэкІыу бжьыгъэр 3:1 хъуа иужькІэ, пенальтиІ и ІуэрыІатэ иужьыгъ. Нэрылъагъут «Спартак-Налшыкым» зэрыплъэщІэн кьару «Ангушт»-м зэримыІэр. Абы и гъуащхьэуэ Гугуевыр зэІущІэр иужьым дакъикъэ пщыкІутху иІэжу джэгум кьыхахури, ар нэхъ наІуэж ищІащ.

Япэ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэр иухьым зы джэгугъуэ къэнэжауэ, упщІэ псоми жэуап ягъэзэщ. Мазитѣ дэкІмэ премьер-лигэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ Саранск и «Мордовия»-мрэ Тулэ и «Арсенал»-мрэ. А тІум я зэпэщІэтыныгъэр вэсэмахуэ Аленичевым и гъэсэнхэм я текІуэныгъэкІэ ихуащ. Премьер-лигэм хьыхьэн папщІэ зэпэщІэуэ зэІущІэжьым хэтынущ Мэзкуу и «Торпедо»-мрэ «Уфа»-мрэ. ЕтІуанэ дивизионым екІуэтэхащ Нэзрэн и «Ангушт»-мрэ Нижнекамск и «Нефтехимик»-мрэ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ зрэ дивизионым хэт командэхэр вэсэмахуэ зэрызэдзкъэгуам кьариКІуэ бжьыгъэхэм: **«Мордовия»** (Саранск) - **«Арсенал»** (Тулэ) - **0:1**, **«Сибирь»** (Новосибирск) - **«Ротор»** (Волгоград) - **2:2**, **«Енисей»** (Красноярск) - **«Салют»** (Белгород) - **3:0**, **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **1:1**, **«Газовик»** (Оренбург) - **«Балтика»** (Калининград) - **2:0**, **«Уфа»** (Уфа) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **1:1**, **«Химик»** (Дзержинск) - **«Алания»** (Владикавказ) - **3:0**. 32-нэ джэгугъуэм щыщу ягъэІэпэхьуа зэІущІэм Ярославль и «Шинник»-м «Химик»-р 2:0-у щыхиГъэщІащ. Санкт-Петербург и «Динамо»-мрэ Мэзкуу и «Торпедо»-мрэ щызэздзэджагуар дыгъуэпшыхьщ.

Накъыгъэм и 15-м кІэух зэІущІэкІэр екІуэкІынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблагъэнщу япэ дивизионым и чемпион хьуа Саранск и «Мордовия»-р.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Мордовия»	35	22	7	6	59-29	73
2. «Арсенал»	35	21	6	8	62-38	69
3. «Торпедо»	34	18	7	9	42-20	61
4. «Уфа»	35	16	10	9	43-35	58
5. «Газовик»	35	16	10	9	42-27	58
6. «Шинник»	35	17	5	13	45-35	56
7. «Луч-Энергия»	35	15	10	10	39-21	55
8. «Балтика»	35	14	11	10	37-29	53
9. «СКА-Энергия»	35	14	11	10	40-34	53
10. «Сибирь»	35	13	11	11	38-39	50
11. «Спартак-Налшык»	35	12	12	11	35-34	48
12. «Алания»	35	14	4	17	29-52	46
13. «Енисей»	35	12	9	14	40-46	45
14. «Динамо»	34	11	7	16	35-43	40
15. «Ротор»	35	9	11	15	42-40	38
16. «Химик»	36	10	7	19	29-49	37
17. «Нефтехимик»	35	6	12	17	32-44	29
18. «Салют»	35	6	9	18	23-53	27
19. «Ангушт»	35	3	5	27	22-73	14

• Зэ1ущ1э нэужьым

СТУКАЛОВ Борис, *«Ангушт»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Іэзагъыр къыдомэщІэкІ

- Япэ кьекІуэкІыгъуэм Нэзрэн дыщыщызэдэджагуами хуэдзу, ноби бэнэныгъэ гуащІэ щыІащ, Іэзагъыр кьыдэмэщІэкІа пэтми. «Спартак-Налшык»-ри» ныкъусаныгъэнщэкъым, ауэ абы и щІалэгъуалэр хуабжьу дигу ирихьащ.

Дэ куэд щІауэ увыпІэ гуэрхэм дыщІэбэныжыркъым. Топ дыджэгу къудейуэ аращ.

БИДЖИЙ Хьэсэнбий, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Иджыпстукіэ зыгуэркъэм утепсэлъэхьхьыну пасэщ

- Мы зэІущІэм и пэ кьихуэу ди щІалэхэм псалъэмакъ куэд ядедгъэкІуэкІащ, «Ангушт»-р иужь дыдэ увыпІэм зэритым щхьэкІэ мыбэлэрыгъэн хуэдэу. Гуапэщ дызэрызэхахар икІи зэщІэкъуэуэ зэрыджэгуар.

Иужь тхьэмахуищым зэІущІитху едгъэкІуэкІащ. Абы кьыхэкІыу языныкъуэ ди футболистхэм зедгъэгъэпсэхуащ. Кьидгъэ хьаэри хуэфащэну кьыщІэкІащ. КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр япэ дивизионым мы гъэм щытекІуа «Мордовия»-м дедгъэкІуэкІынущи, абы нэхъ ерыщыжу зыхудогъэхьэзэыр. Дыхуейщ кІэух зэІущІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхэхэм фЫкІэ ягу кьинэжыну.

- Адэкіэ ди командэм и Іуэхуэр дауэ хьуну?

- Гупыр щыІэщ. Нобэ абы хэтхэр кьызыхэдгнэну дыхуейт. Мылъукіэ кьыддэІэпыкъун жьыджэру кьызэраІыхъуэм сыщыгъуэзэщ. Арщхьэкіэ иджыпстукІэ зыгуэрхэм утепсэлъэхьыну пасэщ.

ХЬэТАУ Ислъам.

Пашэхэм захъуэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм Кэнжэ къуэжьм и командэм пашэныгъэр щиубыдащ.

КЭНЖЭДЭСХЭМ сэбэп кьахуэхьуащ иужьрей джэгугъуитІри «Къэхъуным» зэрыфІахьар. Иджыри къэбжьыпэр зыІыгъахэр япэщІыкІэ «Нартым» кьыхихгъэщІащ, кьыкІэлъыкІуэу «Тэрчри» кьытекІуащ.

Абы щыІэныгъэм «Кэнжэр» нэгъабрей чемпион «ЛогоВАЗ»-мрэ Бахъсэн и командэ лъэщымрэ бжьыгъэшхуэкІэ ефІэкІащ. Хьэлэмэтыраци, кэнжэдэсхэм я гъэр мы гъэм иджыри зыми хигъэщІэфакъым икІи ихуэфащэ дыдэу япэ увыпІэр иубыдащ.

Пашэныгъэр зыныГъитІым языхэщІ «Велес»-р. Зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ зэІущІэм бжьыгъэшхуэ дыдэкІэ Кьэхъэ щыІэщыгъэщІа иужькІэ кьэрэгъэшдэсхэм зызэщІаубыдэжащ икІи абы лъандэрэ зыри зытрагъэкІуакъым.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и иужьрей зэІущІэхэм кьариКІуа бжьыгъэхэм: *етхуанэ джэгугъуэ* - **«Союз»** (Налшык) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **3:0**, **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **3:4**, **«Велес»** (КъэрэгъэщІ) - **«Анзорей»** (Анзорей) - **2:1**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **4:1**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Шагьдий»** (Зеикъуэ) - **2:0**, **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **«Іэдиихуэ»** (Іэдиихуэ) - **3:0**, **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **1:0**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **4:0**; *еханэ джэгугъуэ* - **«Тэрч»** (Тэрч) – **«Къэхъун»** - **3:1**, **«Бедик»** - **«Шэджэм-2»** - **2:1**, **«Союз»** - **«Автозапчасть»** - **5:2**, **«Бахъсэн»** - **«Кэнжэ»** - **0:3**, **«Анзорей»** - **«Къэбэрдей»** - **5:2**, **«Нарт»** - **«Велес»** - **2:3**, **«ЛогоВАЗ»** - **«Спартак-Д»** - **1:4**, **«Шагьдий»** - **«Прохладнэ»** - **4:4**.

ХЬэХЪУН Бэч.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Кэнжэ»	6	5	1	0	21-0	16
2. «Велес»	7	5	1	1	18-19	16
3. «Спартак-Д»	6	4	2	0	24-9	14
4. «Союз»	6	4	1	1	22-10	13
5. «Автозапчасть»	6	4	1	1	18-9	13
6. «Къэхъун»	6	4	0	2	29-14	12
7. «Тэрч»	4	3	0	1	7-4	9
8. «Бедик»	6	3	0	3	15-17	9
9. «Прохладнэ»	6	2	2	2	12-9	8
10. «Къэбэрдей»	6	2	0	4	10-14	6
11. «ЛогоВАЗ»	6	2	0	4	11-19	6
12. «Бахъсэн»	7	2	0	5	11-21	6
13. «Нарт»	6	1	3	2	13-15	6
14. «Шэджэм-2»	6	1	1	4	5-19	4
15. «Анзорей»	6	1	0	5	12-24	3
16. «Шагьдий»	6	0	3	3	10-15	3
17. «Іэдиихуэ»	6	0	1	5	4-24	1

Гъуэгу хабзэм къыхуезыщэ дерс

**«КъыззэтеувыІэ!» урысейпсо социальнэ акцэм ипкъ иткІэ, Налшык къалэм и курыт еджапІэхэм я Гъуэгу» дерсхэр щекІуэкІ. А Іуэхуэгъуэр гъэпІэгъуэну кьызщызэрагъэпэщащ курыт еджапІэ №27-м, ЩколакІуэхэм я хьэщІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и унафэщІым и къуэдзэ ГъуэмІ и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм гъэзэгум шынагъуэнщэу щызэкІуэным и къудамэм и инспекторэр Моторовэ Аллэ еджакІуэхэр набдзэгубдзапІъэу щытыну, хабзэр кьызэпамыдыну, нэхъыщхьэрщи, абыхэр хуит зыщІ дэфтэрхэр ямыІэу абы хуэІэкІуэлъакІуэ мыхъуауэ рулым дэмытІысхьэну кьыхуриджащ. Балигъхэм я жэуапыныгъэншагъэм кьыхэкІыу сабийхэр щыхэкІуадэ щапхъэ зыбжанэ кьихьащ.

Мыпхуэдэ дерсхэр адрей классхэми щетэжкІуэкІапхъэщ, гъуэгум зэрызыщаІыгъын хуейм щыгъазэ хъун папщІэ. Сабийхэр едгъаджэмэ, ахэр насыпынашагъэм щытхъумэфынущ, - кьыхигъэщащ Губжокъуэ Мурат.

Дерсхэр псынщІэу зыгъэзэщІа еджакІуэ Есэнкъуэ Мурат ГАИ-м и лэжьакІуэхэм кьабгъэдэкІыу Іэпщэ сыхьэт тыгъэ хуащІащ. КьищынэмышІауэ, зэІущІэр щрагъэкІуэкІа классым щІэс псоми гъуэгум шынагъэнщэу щызэкІуэным и къудамэм и инспекторэр ф1ыщІэ хуащІу нэхъыщхьэ урокыр яухащ набдзэгубдзапІъагъэм, гъуэгум зэрызыщІэкІуэ хабзэхэр гъэзэщІэным кьыщыхураджэ усэхэмкІэ.

УАРДЭ Женя.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬэФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Ізыгъэтхаэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинэм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжэныкъмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм яэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъэм и 14-м Печатым и хунтныныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленинэм и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къашокъуэ Элэ**, *редактору* **Хьэжыкъарэ Алик,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІымэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейр чыгуэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.687 • Заказ №901